Chikafu Chehuku

Chikafu cheLayer in Production Mash 2 (15.5% CP)

Ichi chikafu chehuku chinopiwa kubva pavhiki rechi45 kusvika panogumira huku kukandira, apo panowanzova pavhiki rechi78, kana kuti padzinosvika mukukandira mazai anosvika zvikamu 68 kubva muzana (68%). Shanda nechiero che110g chechikafu mazuva ose pahuku yoga yoga. Patsanura chikafu chepazuva rega rega muzvikamu zviviri zvakaenzana wopa huku kaviri pazuva.

Chikafu cheLayer in Production Concenrate (28.5% CP)

Ichi chikafu chinopihwa huku kubva padzinosvika zvikamu 5% zvekukandira mazai, kusvika padzinogumira kukandira. Chikafu cheLayer in Production Concentrate chinosanganiswa nechibage nechiero chezvikamu zviviri zveconcentrate muzvikamu zvitatu zvechibage tichipima nehuremu, zvobva zvachipihwa huku zvakasanganiswa kudaro. Apa zvakakosha kuti chibage chose chigaiwe pachishandiswa sefa ine zvimaburi zvakati kurei, zvingangosvika 8mm kufara kwazvo.

Panguva inotanga huku dzenyu kukandira mazai, munokurudzirwa kudzipa Chiedza kwemaawa 16 pazuva.

Tafura1. Zera Rehuku

CHIKAFU CHEPROFEEDS	ZERA REHUKU	HUWANDU HWECHIKAFU
Chick starter mash	Zuva rimwechete kusvika pakupera kwevhiki yechi 8	1.7 to 2kg pachikamu chose
Layer developer mash	Vhiki yechi 9 kusvika pakupera kwevhiki yechi 17	4.3 to 4.5kg pachikamu chose
Pre-lay mash	Vhiki yechi 18 kusvika pa 5% yekukandira	1kg yechikafu pamazuva +- 10 days
Layers mash 1	Kubva pa 5% yekukandira kusvika pavhiki yechi 45	110g pazuva pahuku yoga yoga
Layers mash 2	Kubva pavhiki yechi 45 kusvika panoperera kukandira +- 78 kana pasi pe 60% yekukandira	110g pazuva pahuku yoga yoga

PROfeeds
your feed & farm professionals

Profeeds Factory Harare
82 Woolwich Road, Willowvale, Harare
Telephone +263 (4) 661048, 666960, 667173
662196, 0772 125419, 0772 125421,
0782 798266, 0782 798266.
Toll Free: NetOne 08010030, Econet 08080189,
Telecel 0731326004. www.profeeds.co.zw

Chikafu Chehuku Dzemazai

PROfeeds
The performance feed

Kupa chikafu kunhiyo/huku dzemazai

Zvidanho zvishanu zvechikafu chehuku dzemazai chinokurudzirwa neve Profeeds

Huku dzemazai dziriko mazuva ano dzakagadzirwa kuti dzigone kutanga kukandira dzichiri diki, miviri yadzo ichigona kushandura chikafu chadzinodya zvakavandudzwa, uyewo kuti dzigone kukandira mazai anehuwandu hwakawedzerwa. Kunyangwe zvazvo donzvo gurusa remurimi wemazai kuri kuvavarira kuwana mazai akawanda kubva kuhuku dzake nguva dzose, zvidanho zvinodarikwa nehuku mukukura kwadzo nazvowo zvakakosha zvikuru. Naizvozvo, zvakakosha kuti huku idzi dzibatwe zvakanaka kubva zuva rekutanga chairo kusvika kumagumo. Mukubatwa zvakanaka uku, chikafu chadzinodya chinebandiko guru kwazvo kudarika zvimwe zvese, sezvo chiricho chinotora zvikamu 65-70 kubva muzana pamari yose inobuda mukuchengeta huku.

VeProfeeds vanogadzira chikafu chemhando yepamusorosoro chinodikanwa mukuchengeta huku pamazera ose akasiyana-siyana.

Chirongwa chezvidanho zvishanu zvechikafu chehuku dzemazai:

1) Profeeds Chick Starter Mash
2) Profeeds Layer Developer Mash
3) Profeeds Pre-lay Mash
4) Profeeds Layer in Production Mash Phase 1
5) Profeeds Layer in Production Phase 2

Chikafu cheChick Starter Mash (19% CP)

Ichi ndicho chikafu chekutanga chinopihwa nhiyo dzehuku dzemazai. Chikafu ichi chakagadzirirwa kupa nhiyo dzako mukana kwawo wekukura zvakanaka dzinemitumbi yakanyatsoumbika nemitezo inoshanda zvakanaka, inosanganisiria mitezo yekufamba kweropa, yekufema, yemabhonzo nenyama, nemimwewo yakasiyana-siyana chinopihwa huku kubvira pazuva rekutanga kunosvika panoperera vhiki yechi8. Kuti ugone kuronga homwe yako zvakanaka, shanda ne1.7kg-2kg yechikafu pahuku yega yega mumavhiki 8. Mukudzipa chikafu ichi, cherechedza kuti huku dzako dzirikukura zvakadini pahuremu, nekuti zvakakosha kuti dzisvike huremu hunotarisirwa pamhando yehuku dzaunadzo nemazera akasiyana-siyana. Pihwa minongedzo inokubatsira kuziva izvi nevakakutengesera huku dzako. Chikafu cheProfeeds Starter Concentrate chinofanira kusanganiswa nechibage uchiti zvikamu zviviri zveConcentrate nezvikamu zvitatu zvechibage, tichiera nehuremu. Mhando dzirimbiri dzechikafu idzi (chakasanganiswa uye Concentrate) dzinemushonga weCoccidiostat unodzivirira chirwere che Coccidiosis muhuku.

Chikafu cheLayer Developer Mash (15% CP)

Chikafu ichi chakananga kupedzisa kukura kwaka kwana kwehuku dzako dzemazai kuti dzichitanga kukandira, uye chinopihwa kubva panotangira vhiki yechi9 kusvika paneyechi17. Panosvitsa huku yako mavhiki 17, inotarisirwa kunge yakura zvakakwana, uye yatotanga kukandira mazai. Kuti unyatsoronga homwe yako zvakanaka, shanda ne 4.3kg-4.5kg yechikafu pahuku yega yega munguva yarehwa iyoyo. Zvakakosha zvekare kuti uite uchikwenenzvera huremu hwehuku dzako (kuma 1.4kg) kana dzava kusvika pachidanho chekukandira mazai.

Yeukawo kuti huku dzinehuremu hwakawandisa kana kuti hushomasa kudarika zvinotarisirwa dzinotadza kunyatsokandira mazai zvakanaka. Chikafu cheProfeeds Layer Developer Concentrate chinofanira kusanganiswa nechibage uchiti zvikamu zviviri zveConcentrate nezvikamu zvitatu zvechibage, tichiera nehuremu. Mhando mbiri idzi dzechikafu (chakasanganiswa uye Concentrate) dzine mushonga weCoccidiostat unodzivirira chirwere che Coccidiosis muhuku.

Regai titore mukana uno kutsinhidza kuti munofanira kuzvirovedzera gwara rakatarwa kuti mugone kuchengeta huku dzenyu dzirimuchimiro chakanaka dzisina zvirwere uye kuti musafirwe nehuku dzakawanda. Izvi zvichaita kuti mukohwe pakuru pamari yamakadyara mubasa iri. Kana muchida kubatsirwa nezvehuku, taurai nenyanzvi dzedu dzikuyamurei.

Pre-Lay Mash (15.5% CP)

Chikafu ichi chakagadzirirwa kubatsiridza mukushandiswa kweCalcium mumuviri wehuku pamwe nekudzivirira kudzikira kwechikafu chinokwanisa kudyiwa nehuku kunowanzoitika panotangisa huku kukandira mazai. Kana chikashandiswa zvakafanira, chikafu ichi chinoita kuti huku dzako dzikure dzakaenzana dzese uye dzichikandira mazai zvakafanana. Chinopihwa kutangira pavhiki yechi 18 kusvika panotangira huku kukandira 5% yemazai vhiki imwe neimwe. Ona kuti huku yega yega yawana 1kg yechikafu mumazuva gumi adzichange dziri pachikafu ichi.

Chikafu cheLayer in Production Mash 1 (16% CP)

Ichi ndicho chikafu chemazai zvino, chachona chinoita kuti huku dzikandire. Tangisa kupa huku chikafu ichi kubva padzinotangira kusvitsa zvikamu 5% zvemazai adzinokandira kunosvika kuvhiki yechi45. Shanda ne110g yechikafu pahuku imwe neimwe zuva roga roga. Chipatsanure muzvikamu zviviri zvakaenzana uchidzipa chikafu chacho kaviri pazuva.